

6450-01-P DEPATMAN ENÈJI:

Avi pou Demann Enfòmasyon (Request for Information, RFI) sou Itilizasyon yon Pwosesis Etablisman Federal pou Estokaj Pwovizwa

AJANS: Biwo Gaz ki Sèvi Deja ak Eliminasyon Dechè, Biwo Enèji Nikleyè, Depatman Enèji

AKSYON: Demann enfòmasyon:

REZIME: Biwo Enèji Nikleyè (Nuclear Energy, NE) ki nan Depatman Enèji (Department of Energy, DOE) nan Etazini fè yon demann enfòmasyon pou li konnen kòman pou li chwazi sit etablisman federal pou estokaj tanporè, ranfòse pou gaz nikleyè ki sèvi deja pandan l ap itilize yon apwòch ki baze sou konsantman. Depatman Enèji a prevwa pou kominote yo; gouvènman nan nivo lokal, Eta a, ak tribal; manm piblik la; gwoup pou jistis nan enèji ak nan anviwònman; òganizasyon oswa antrepriz yo; epi lòt entèvenan yo ka enterese pou yo reponn ak Demann Enfòmasyon sa a (RFI). Nou enterese espesyalman ak opinyon moun yo, kominote ak gwoup ki yon fason istorik pa t byen reprezante nan diskisyon sa yo. Repons nou jwenn pou Demann Enfòmasyon yo ap pèmèt nou mete sou pye yon pwosesis pou chwazi sit la ki baze sou konsantman, yon estrateji global pou yon sistèm entegre pou jesyon dechè ak posibilite pou yon finansman.

DAT: Nou dwe resevwa repons pou Demann Enfòmasyon yo pou pita nan dat 4 mas 2022 a 5:00 nan aprèmidi nan lè nan ÈS (ET).

ADRÈS: Moun ki enterese yo ka soumèt kòmantè yo pa imèl nan consentbasedsiting@hq.doe.gov. Mete ladan l "Demann Enfòmasyon: chwa sit ki baze Nan liy pou sijè ki nan imèl la. Ou kapab voye dokiman ki tache nan imèl la sou fòm fichye Word (.docx) oswa yon fichye Adobe PDF (.pdf), ki prepare selon enstriksyon detaye ki nan Demann Enfòmasyon an. Dokiman ou soumèt nan imèl la dwe endike yon fason ki klè ki sijè ak kesyon

espesifik yo abòde, epi li dwe limite ak yon dimansyon ki pa depase 45MB.

POU W JWENN PLIS ENFÒMASYON KONTAKTE: Tanpri voye tout kesyon nan consentbasedsiting@hq.doe.gov, oswa pou Alisa Trunzo nan 301-903-9600.

ENFÒMASYON ANPLIS:

Enfòmasyon

Nan lane 2015, Depatman Enèji a te kòmanse devlope yon pwosesis ki baze sou konsantman pou chwazietablisman kote y ap estoke oswa elimine an kolaborasyon avèk manm piblik la, kominote yo, entèvenan yo, ak gouvènman nan nivo Tribal, Eta a, ak Lokal. Nan kad inisyativ sa a, Depatman an te pibliye yon envitasyon pou komantè piblik (www.energy.gov/sites/prod/files/2016/12/f34/Summary_of_Public_Input_Report_FINAL.pdf) epi li te òganize yon seri reyinyon piblik pou chèche kòmantè ak bayenfòmasyon sou efò k ap gen pou fèt yo. Sou baz kòmantè sa yo, ansanm ak konklizyon plizyè gwoupekspe, Depatman Enèji a te devlope epi te fè demann pou kòmantè piblik la sou *Pwojè pou Pwosesis pou Chwazi Sit ki Baze sou Konsantman pou Ranfòse Etablisman Estokaj ak Eliminasyon Gaz Nikleyè ki Sèvi Deja ak Dechè ki radyowaktif anpil* (“*Pwojè pou Pwosesis* www.energy.gov/sites/prod/files/2017/01/f34/Draft_Consent-Based_Siting_Process_and_Siting_Considerations.pdf) nan mwa Janvye 2017.

nan mwa Nan lane 2021, nan Lwa pou Ranfòse Kredi yo, Kongrè a te bay Depatman an fon pou aktivite estokaj pwovizwa. Estokaj pwovizwa a se yon pati enpòtan nan sistèmjesyon dechè epi l ap pèmèt yo ranfòse pandan yon peryòd ki kout ak estoke yon fason pwovizwa gaz nikleyè ki sèvi deja. L ap pèmèt yo elimine gaz nikleyè ki sèvi deja sou sit reyaktè yo, l ap bay posibilite pou fè, ak ranfòse konfyans moun k ap patisipe yo ak piblik la pandan y ap montre yon apwòch pou chwa sit la ki baze sou konsantman.

Depatman Enèji a prevwa yon etablisman pou estokaj pwovizwa dwe fonksyone jiskaskeyo

kapab deplase gaz la pou dènye eliminasyon an. Tan peryòd pwovizwa ap dire a depann de reyalizasyon seri etap enpòtan, tankou nesesite pou idantifye, otorize ak konstwi yon etablisman, anplistan ki nesesè pou deplase gaz nikleyè ki sèvi deja.

Kesyon pou reponn

Menm jan ak kredi kongrè a bay pou avanse avèk aktivite estokaj pwovizwa yo, n ap komantè sou pwosesis itilizasyon ki baze sou konsantman pou idantifye etablisman federal pou itilize repons yo pou Demann Enfòmasyon sa a, ansanm ak kòmantè nou te resevwa nan lane 2017 nan *Pwojè pou Pwosesis pou Chwazi Sit ki Baze sou Konsantman* (www.energy.gov/sites/prod/files/2017/01/f34/Draft_Consent-Based_Process_and_Siting_Considerations.pdf), pou ede devlope yon Pwosesis pou Chwazi Sit ki Baze sou Konsantman nou pral itilize nan etablisman estokaj pwovizwa, yon estrateji global pou devlopman ak Moun ki reponn ak Demann Enfòmasyon sa a pa bezwen reponn tout kesyon yo, mendomèn sa yo.

Zòn 1: Pwosesis pou Chwazi Sit ki Baze sou Konsantman

1. Kòman Depatman an ta dwe entegre konsiderasyon sou ekite sosyal ak jistis nan yon pwosesis pou chwazi sit ki baze sou
2. Ki wòl gouvènman ak otorite lokal, tribal ak nan Eta a ta dwe jwe pou detèmine konsantman pou yon kominote akeyi yon etablisman federal pou
3. Ki avantaj oswa opòtinite ki kapab ankouraje gouvènman lokal, tribal ak nan Eta a pou yo panse angaje avèk Depatman an pandan l ap travay pou idantifye sit federal pou estokaj pwovizwa?
4. Ki baryè oswa obstak ki kapab anpeche siksè nan chwa sit pou etablisman federal pou estokaj pwovizwa a pandan n ap itilize yon pwosesis ki baze sou konsantman epi kòman yo kapab regle l?
5. Kòman Depatman an ta dwe travay avèk kominote lokal la pou etabli atant ak plan ki rezonab konsènan tan etablisman federal pou estokaj pwovizwa a ap dire?
6. Avèk ki òganizasyon oswa ak ki kominote Depatman an ta dwe panse pou li asosye l

pou li kapab devlope yon apwòch ki baze sou konsantman pou chwazi sit lan?

7. Ki lòt kesyon, li gen ladan l sa yo te poze nan *Pwojè pou Pwosesis pou Chwazi Sit ki (www.energy.gov/sites/prod/files/2017/01/f34/Draft Consent-Based Siting Process and Siting Considerations.pdf)*, Depatman an ta dwe konsidere nan pwosesis pou chwazi sit ki baze sou konsantman an?

Zòn 2: Retire obstak ki kapab anpeche gen yon gwopatisipasyon

1. Ki obstak ki kapab anpeche gen yon gwo patisipasyon nan pwosesis pou chwazi sit ki baze sou konsantman an ak kòman nou kapab diminye oswa retire obstak sa yo?
2. Ki resous ki ka nesesè pou asire kominote ki gen chans pou enterese yo gen bon opòtinite pou yo pataje enfòmasyon, asistans ekspè, ak yon gwo patisipasyon nan pwosesis pou chwazi sit ki baze
3. Kòman Depatman an kapab fè pou opòtinite aprantisaj youn ak lòt akkolaborasyon avèk kominote ki gen chans pou yo
4. Kòman Depatman an ka angaje l yon fason ki pi efikas avèk gouvènman lokal, nan chwa sit ki baze sou konsantman ak estokaj pwovizwa?
5. Ki enfòmasyon kominote, gouvènman, oswa lòt entèvenan yo bezwen pou angaje yo avèk Depatman an nan chwa sit ki baze sou konsantman ak estokaj pwovizwa?

Zòn 3: Estokaj pwovizwa nan kad yon sistèm jesyon dechè

1. Kòman Depatman an kapab asire l y ap reponn ak konsiderasyon sou ekite sosyal yon sistèm jesyon dechè ki nan tout peyi a?
2. Ki avantaj oswa enkonvenyan ki kapab genyen lè yo mete plizyè etablisman oswa lè yo mete ansanm etablisman pou jesyon dechè avèk etablisman pou fabrikasyon, etablisman pou rechèch ak devlopman, oswa ki pwòp?
3. Nan ki fason devlopman yon etablisman pou estokaj pwovizwa ta dwe gen rapò akk ap fèt pou etabli yon depo pèmanan?

4. Ki lòt kesyon Depatman an ta dwe konsidere lè y ap devlope yon sistèm jesyon dechè yo?

Enstriksyon pou w kapab prepare ak bay repons

Tanpri soumèt repons pou Demann Enfòmasyon sa a pa imèl nan consentbasedsiting@hq.doe.gov pou pita jou k ap 4 Mas 2022 a 5:00 nan aprèmidi Lè nan Ès (ET). Tanpri mete nan liy pou sijè aak estokaj pwovizwa” Nou dwe resevwa repons yo pou pita jou k ap 4 mas 2022, pou kapab konsidere yo tousuit; Sepandan, Depatman pou Enèji ap kontinye aksepte repons apre l ap egzamine yo si tan an pèmèt sa a. Ou ka voye repons yo dirèkteman pa lapòs oswa voye l pandan w ap tache l nan yon imèl. Li rekòmande pou konprese dosye ou tache a lè li gen fichye ki gen yon dimansyon (sa vle di zipe l) pou asire w mesaj la livre; Sepandan, okenn imèl pa dwe depase yon total lè l gen ladan l tout fichye ki tache yo. Ou dwe voye repons ou tache nan imèl la sou fòm Microsoft Word (.docx) oswa Portable Document Format (.pdf). Tanpri idantifye repons ou yo pandan w ap reponn ak yon kesyon oswa yon sijè espesifik, si li endike yon fason ki klè kesyon espesifik w ap reponn nan. Ou dwe montre yon fason ki klè ak prive. Moun k ap reponn nan ka reponn valè kesyon li vle oswa yon ti kantite kesyon. Depatman pou Enèji p ap reponn demann endividyèl yo. Yo p ap konsidere repons pou demann enfòmasyon sa a tankou yon angajman ki ba w Tanpri bay enfòmasyon sa yo nan kòmansman repons ou a:

- Kominote an, òganizasyon, oswa konpayi (si li aplikab)
- Non moun pou kontakte a
- Adrès, nimewo telefòn, ak adrès imèl kontak la

Yo p ap pwoteje nan okenn fason done ki kolekte nan Demann Enfòmasyon sa a pou kòmantè nou resevwa yo nan kad Demann Enfòmasyon sa a fè pati dosye piblik yo. Depatman Enèji a prevwa pou pibliye tout dokiman kòmantè li teresevwa yo nèt apre peryòd kòmantè piblik la

fèmen. Nenpòt moun ki ta swete yo pa mete non l, adrès li, adrès imèl, oswa lòt enfòmasyon ki ka pèmèt yo idantifye l nan dosye piblik pou dokiman yo dwe fè demann sa a yon fason ki klè nan kòmansman nenpòt, si se pa sa nou p ap retire anyen.

Avi pou limite responsabilite

Demann Enfòmasyon sa a se pa yon Anons pou Posibilite Finansman (Funding demann; poutèt sa, Depatman pou Enèji pa aksepte aplikasyon nan moman sa a. Depatman lòt yon demann pi devan ki baze oswa ki gen rapò ak kontni ak repons pou Demann sepandan pa gen okenn garanti ki di y ap fè yon Anons pou Posibilite Finansman oswa yon Lè w reponn ak Demann Enfòmasyon sa a li pa bay moun ki gen chans aplike yo okenn avantaj si Depatman pou Enèji chwazi pou li fè yon Anons pou Posibilite Finansman konsènan dimansyon, kantite a, ak kalandriye bous Depatman pou Enèji a finanse, yo pral kredi ak direksyon ki nan Kongrè a.

Nenpòt enfòmasyon nou jwenn apre Demann Enfòmasyon sa a ap la pou gouvènman an itilize nou pa deklare sous nou pou planifikasyon ak devlopman estrateji yo. Demann Enfòmasyon saa pa konstitiye yon demann fòmèl pou pwopozisyon oswa rezime. N ap trete repons ou bay pou avi sa a tankou yon enfòmasyon sèlman. Depatman pou Enèji ap estrateji pou pwogram la ak nan dokiman ki gen enterè yo idantifye ki se sijè demann sa a. Ranbouse lajan ki depanse pandan w ap reponn Demann Enfòmasyon sa a. Y ap enfòmasyon k ap reponn nan Depatman pou Enèji pa gen okenn obligasyon pou li di li te resevwa enfòmasyon yo, oswa pou li bay moun ki reponn nan fidbak pou nenpòt enfòmasyon li te soumèt nan kad Repons ou bay nan Demann Enfòmasyon sa a pa angaje w ak Depatman pou Si w bezwen èd nan yon lòt lang ki pa anglè tanpri vizite www.energy.gov/consentbasedsiting kote w ap jwenn resous anplis ki disponib oswa kontakte


Mèsi davans pou repons ou yo, nou paka tann pou nou resevwa repons ou yo.

Otorite ki siyen

Doktè Kathryn Huff ki se Sekretè Prensipal Adjwen nan Biwo Enèji Nikleyè, te siyen dokiman sa a ki Sekretè Enèji a te ba li. Depatman Enèji a kenbe dokiman ki gen siyati ak dat orijinal la. Pou kesyon administrativ sèlman, epi selon egzijans Biwo Rejis Federal, Rejis Federal Depatman Enèji a siyen anba a Ofisye Lyezon an te otorize pou li siyen ak soumèt dokiman an nan fòm elektwonik pou yo kapab pibliye l, kòm yon dokiman ofisyèl pou Depatman pou Enèji. Pwosesis administratif sanan anyen efè jiridik dokiman sa a lè l ap pibliye nan *Rejis Federal* la.

Li te siyen l nan Washington, DC, jou ki te 18

Kathryn
D. Huff

 Kathryn
D. Huff te mete yon siyatidijital
Dat: 18 novanm 2021

Doktè Kathryn D. Huff